



JADENDANFAN – 4èm Ane

Resous pou Matematik Lakay



Lekòl Leta Miami-Dade County
Depatman Matematik



REZIME PLAN RESSOUS MATEMATIK LAKAY

Lwa Florida 1008.25 mande distri lekòl yo pou yo idantifye e ofri enstriksyon pèsonalize, imadyatman, bay elèv nan klas jadendanfan jiska 4èm ane eskolè ki bay siy yo gen gwo feblès nan matematik oubyen karakteristik “dyscalculia” (difikilte pou konprann chif). Pakonsekan, nou ofri paran yo tou yon “plan matematik lakay,” ki prezante estrateji ak resous paran yo ka itilize pou ede pitit yo amelyore tèt yo nan matematik.

Chak seksyon Matematik Lakay selon Nivo Klas yo gen resous sa yo anndan yo:

- Pake Resous Matematik selon Nivo Klas yo
- Devwa ki rele ‘Big Ideas Learning’ ansanm ak Kòd QR pou fè Pratik

[KLAS JADENDANFAN](#) 3

[KLAS 1YE ANE](#) 6


[KLAS 2èm](#) 9

[KLAS 3èm](#) 12

[KLAS 4èm](#) 15

[Plan Resous FLDOE pou Matematik Lakay](#) 18

KLAS JADENDANFAN



Pake Resous

Matematik pou Klas Jadendanfan



Pake Resous Matematik pou Klas Jadendanfan an fèt pou ofri konsèy rekòmande pou paran yo ka ede pitit yo avèk règ konsènan “Florida Benchmarks for Excellent Student Thinking (B.E.S.T.)” (Referans pou Meyè Fason Elèv Reflechi) nan Florid. Pake resous sa a gen ladan enfòmasyon ak resous pou Klas Jadendanfan ki gen rapò ak pwogram Klas Jadendanfan an pou ede e prepare pitit ou a pou Evalyasyon Matematik “Florida Assessment of Student Thinking (FAST)” (Evalyasyon nan Florid sou Fason Elèv Reflechi).

Resous Matematik pou Klas Jadendanfan

Seksyon sa a gen ladan lyen pou resous ak zouti ki ap pèmèt ou ede pitit ou a lè nou lakay.

Resous pou Elèv ak Paran

- [Resous Enstriksyonèl ak Twous Videyo Matematik FLDOE pou Klas Jadendanfan](#)
- [Resous Matematik pou Elèv Klas Jadendanfan](#)
- [Modèl Atik Tès 'Renaissance Star'](#)

[Deskripsyon pou Kou Matematik Klas Jadendanfan an](#)


Deskripsyon kou yo bay yon apèsi sou estanda ki nesesè pou kou a. Deskripsyon pou kou a ofri yon rezime sou règ konsènan kou a. Deskripsyon pou kou matematik Klas Jadendanfan an gen ladan resous pou 37 règ nan kou matematik Klas Jadendanfan an.




Fason pou nou itilize Kòd QR Big Ideas Learning Devwa ak Pratik nan Klas Jadendanfan

Chak Devwa ak paj pou fè Pratik gen yon Kòd QR® pou konekte elèv ak paran sou videyo pandan yo lakay yo, pou chak leson. Sa bay aksè ak videyo ki apwopriye ak leson yo, sa gen ladan modèl videyo ou ka jwenn lè w jis klike sou yon lyen.

Devwa ak videyo pratik yo disponib pou seksyon **Build Understanding (Devlope Konpreyansyon)** ak **Model Real Life (Modèl Lavi Reyèl)** pou chak leson.




ETAP 1:
Pou jwenn aksè sou videyo, eskane Kòd QR ki anba liv Edisyon Elèv pitit ou a.



ETAP 2:

Ouvri kamera telefòn pòtab ou a oubyen yon aplikasyon pou eskane Kòd QR. Eskane Kòd QR ki anba paj la.



ETAP 3:

Chwazi **Build Understanding or Model Real Life (Devlope Konpreyansyon oubyen Modèl Lavi Reyèl)** pou w ka jwenn aksè sou videyo ki montre egzanp enstriksyon pitit ou ap resevwa nan klas li. Si w bezwen plis sipò oubyen èd pou amelyore ladrès matematik ou, itilize rès lyen ki rete yo.



KLAS 1 YE ANE





Matematik Klas 1ye Ane Pake Resous



Zouti Resous Matematik Klas 1ye Ane a gen entansyon bay paran yo konsèy, rekòmande pou ede pitit yo ak "Benchmarks for Excellent Student Thinking (B.E.S.T.)" (Estanda Referans pou Meyè Fason Elèv Reflechi) nan Eta Florid. (Referans pou Meyè Fason Elèv Reflechi) nan Florid. Pake sa a gen ladan enfòmasyon sou estanda 1ye Ane ak resous ki gen rapò ak kourikoulòm 1ye Ane a pou ede prepare pitit ou a pou "Mathematics Florida Assessment of Student Thinking (FAST)" (Evalyasyon Matematik nan Eta Florid pou Evalye fason Elèv Panse).

Resous Matematik pou 1ye Ane

Seksyon sa a gen lyen ki mennen nan resous ak zouti pou pèmèt ou ede pitit ou lakay ou.

Resous pou Elèv ak Paran

- [Resous Enstriksyonèl ak Twous Videyo Matematik FLDOE pou elèv 1ye Ane](#)
- [Resous Matematik pou Elèv 1ye Ane](#)
- [Modèl Atik Tès 'Renaissance Star'](#)

Deskripsyon Kou Matematik 1ye Ane


Deskripsyon kou yo bay yon apèsi sou estanda ki nesesè pou kou a. Deskripsyon kou matematik klas 1ye Ane a gen ladan resous pou tout 41 estanda ki nan kou matematik klas 1ye Ane a.




Fason pou nou itilize Kòd QR Big Ideas Learning Devwa ak Pratik nan 1è Ane

Chak Devwa ak paj pou fè Pratik gen yon Kòd QR® pou konekte elèv ak paran sou videyo pandan yo lakay yo, pou chak leson. Sa bay aksè ak videyo ki apwopriye ak leson yo, sa gen ladan modèl videyo ou ka jwenn lè w jis klike sou yon lyen.

Devwa ak videyo pratik yo disponib pou seksyon **Build Understanding (Devlope Konpreyansyon)** ak **Model Real Life (Modèl Lavi Reyèl)** pou chak leson.



ETAP 1:
Pou jwenn aksè sou videyo, eskane Kòd QR ki anba liv Edisyon Elèv pitit ou a.




ETAP 2:

Ouvri kamera telefòn pòtab ou a oubyen yon aplikasyon pou eskane Kòd QR. Eskane Kòd QR ki anba paj la.

ETAP 3:

Chwazi **Build Understanding** or **Model Real Life (Devlope Konpreyansyon)** oubyen **Modèl Lavi Reyèl** pou w ka jwenn aksè sou videyo ki montre egzanp enstriksyon pitit ou ap resevwa nan klas li. Si w bezwen plis sipò oubyen èd pou amelyore ladrès matematik ou, itilize rèss li pou ki rete yo.



KLAS 2èm



Matematik Klas 2èm Ane Pake Resous



Zouti Resous Matematik Klas 2èm Ane a fèt ak entansyon pou bay paran yo konsèy, rekòmandasyon pou ede pitit yo sou "Benchmarks for Excellent Student Thinking (B.E.S.T.)" (Estanda Referans pou Meyè Fason Elèv Reflechi). (Referans pou Meyè Fason Elèv Reflechi) nan Florid. Pake sa a gen ladan enfòmasyon sou estanda 2èm Ane ak resous ki gen rapò ak kourikoulòm 2èm Ane a pou ede prepare pitit ou a pou "Mathematics Florida Assessment of Student Thinking (FAST)" (Evalyasyon Matematik nan Eta Florid pou Evalye fason Elèv Reflechi).

Resous Matematik pou 2èm Ane

Seksyon sa a gen lyen ki mennen nan resous ak zouti pou pèmèt ou ede pitit ou lakay ou.

Resous pou Elèv ak Paran

- [Resous Enstriksyonèl ak Twous Videyo Matematik FLDOE pou Elèv 2èm Ane](#)
- [Resous Matematik pou Elèv 2èm Ane](#)
- [Modèl Atik Tès 'Renaissance Star'](#)

Deskripsyon Kou Matematik 2èm Ane


Deskripsyon kou yo bay yon apèsi sou estanda ki nesesè pou kou a. Deskripsyon kou matematik klas 2èm ane a gen ladan resous pou tout 42 estanda ki nan kou matematik klas 2èm ane a.



Fason pou nou itilize Kòd QR Big Ideas Learning Devwa ak Pratik nan 2èm Ane


Chak Devwa ak paj pou fè Pratik gen yon Kòd QR® pou konekte elèv ak paran sou videyo pandan yo lakay yo, pou chak leson. Sa bay aksè ak videyo ki apwopriye ak leson yo, sa gen ladan modèl videyo ou ka jwenn lè w jis klike sou yon lyen.

Devwa ak videyo pratik yo disponib pou seksyon **Build Understanding (Devlope Konpreyansyon)** ak **Model Real Life (Modèl Lavi Reyèl)** pou chak leson.



ETAP1:

Pou jwenn aksè sou videyo, eskane Kòd QR ki anba liv Edisyon Elèv pitit ou a.




ETAP 2:

Ouvri kamera telefòn pòtab ou a oubyen yon aplikasyon pou eskane Kòd QR. Eskane Kòd QR ki anba paj la.

ETAP 3:

Chwazi **Build Understanding or Model Real Life (Devlope Konpreyansyon oubyen Modèl Lavi Reyèl)** pou w ka jwenn aksè sou videyo ki montre egzanp enstriksyon pitit ou ap resevwa nan klas li. Si w bezwen plis sipò oubyen èd pou amelyore ladrès matematik ou, itilize rès lyen ki rete yo.



KLAS 3èm





Matematik Klas 3èm Ane Pake Resous



Pake resous Matematik 3èm Ane a fèt ak entansyon pou bay paran yo konsèy, rekòmandasyon pou ede pitit yo ak "Benchmarks for Excellent Student Thinking (B.E.S.T.)" (Estanda Referans pou Meyè Fason Elèv Reflechi) nan Eta Florid. (Referans pou Meyè Fason Elèv Reflechi) nan Florid. Pake resous sa a gen ladan enfòmasyon sou estanda 3èm ane ak resous ki gen rapò ak kourikoulòm 3èm ane a pou ede prepare pitit ou a pou "Mathematics Florida Assessment of Student Thinking (FAST)" (Evalyasyon Matematik nan Eta Florid pou Evalye fason Elèv Reflechi).

Resous Matematik pou 3èm Ane

Seksyon sa a gen lyen ki mennen nan resous ak zouti pou pèmèt ou ede pitit ou lakay ou.

Resous pou Elèv ak Paran

- [Resous Enstriksyonèl ak Twous Videyo Matematik FLDOE pou 3èm Ane](#)
- [Resous Matematik 3èm Ane pou Elèv Florid](#)

Deskripsyon Kou Matematik 3èm Ane

Deskripsyon kou yo bay yon apèsi sou estanda ki nesesè pou kou a. Deskripsyon kou matematik klas 3èm ane a gen ladan resous pou tout 42 estanda ki nan kou matematik klas 3èm ane a.

"Florida Department of Education: Students & Families Resources" (Depatman Edikasyon Florid: Resous pou Elèv ak Fanmi)


Ou ka jwenn enfòmasyon jeneral ak resous sou "Florida Assessment of Student Thinking (FAST)" (Evalyasyon Eta Florid sou Fason Elèv Reflechi) pou elèv ak paran yo.



Sèvi ak Gwo Lide pou Aprantisaj, Fè Devwa ak Prati Kòd QR nan 3èm Ane


Chak paj Devwa ak Pratik gen yon lyen kòd QR Code® pou konekte elèv ak paran ak videyo lakay yo pou chak leson. Sa a bay aksè sou videyo ki sou menm liy ak leson yo, tankou egzanp videyo pou klike sou yo.

Devwa ak videyo pratik yo disponib pou seksyon **Build Understanding (Devlope Konpreyansyon)** ak **Model Real Life (Modèl Lavi Reyèl)** avèk seksyon **Extra Example Videos (Egzanp Videyo Siplèmantè)** pou chak leson.



ETAP 1:

Pou jwenn aksè sou videyo, eskane Kòd QR ki anba liv Edisyon Elèv pitit ou a.




ETAP 2:

Ouvri kamera telefòn pòtab ou a oubyen yon aplikasyon pou eskane Kòd QR. Eskane Kòd QR ki anba paj la.




ETAP 3:

Chwazi **Build Understanding** or **Model Real Life (Devlope Konpreyansyon** oubyen **Modèl Lavi Reyèl)** pou w ka jwenn aksè sou videyo ki montre egzanp enstriksyon pitit ou ap resevwa nan klas li. Si w bezwen plis sipò oubyen èd pou amelyore ladrès matematik ou, itilize rèz lyen ki rete yo.



KLAS 4èm





Matematik Klas 4èm Ane Pake Resous



Pake resous Matematik 4èm Ane a fèt ak entansyon pou bay paran yo konsèy, rekòmandasyon pou ede pitit yo ak "Benchmarks for Excellent Student Thinking (B.E.S.T.)" (Estanda Referans pou Meyè Fason Elèv Reflechi) nan Eta Florid. (Referans pou Meyè Fason Elèv Reflechi) nan Florid. Pake resous sa a gen ladan enfòmasyon sou estanda 4èm ane ak resous ki gen rapò ak kourikoulòm 4èm ane a pou ede prepare pitit ou a pou "Mathematics Florida Assessment of Student Thinking (FAST)" (Evalyasyon Matematik nan Eta Florid pou Evalye fason Elèv Reflechi).

Resous Matematik pou 4èm Ane

Seksyon sa a gen lyen ki mennen nan resous ak zouti pou pèmèt ou ede pitit ou lakay ou.

Resous pou Elèv ak Paran

- [Resous Enstriksyonèl ak Twous Videyo Matematik FLDOE pou 4èm Ane](#)
- [Resous Matematik 4èm Ane pou Elèv Florid](#)

Deskripsyon Kou Matematik 3èm Ane

Deskripsyon kou yo bay yon apèsi sou estanda ki nesesè pou kou a. Deskripsyon kou matematik klas 3èm ane a gen ladan resous pou tout 54 estanda ki nan kou matematik klas 3èm ane a.

"Florida Department of Education: Students & Families Resources" (Depatman Edikasyon Florid: Resous pou Elèv ak Fanmi)


Ou ka jwenn enfòmasyon jeneral ak resous sou "Florida Assessment of Student Thinking (FAST)" (Evalyasyon Eta Florid sou Fason Elèv Reflechi) pou elèv ak paran yo.



Sèvi ak Gwo Lide pou Aprantisaj, Fè Devwa ak Prati Kòd QR nan 4èm Ane

Chak paj Devwa ak Pratik gen yon lyen kòd QR Code® pou konekte elèv ak paran ak videyo lakay yo pou chak leson. Sa a bay aksè sou videyo ki sou menm liy ak leson yo, tankou egzanp videyo pou klike sou yo.

Devwa ak videyo pratik yo disponib pou seksyon **Build Understanding (Devlope Konpreyansyon)** ak **Model Real Life (Modèl Lavi Reyèl)** avèk seksyon **Extra Example Videos (Egzanp Videyo Sipleman tè)** pou chak leson.



Build Understanding: Compare Multi-Digit Numbers Using Place Value

Example: Compare 38,465 and 38,439.

Step 1: Compare the ten thousands. 38,465 and 38,439. 3 ten thousands ○ 3 ten thousands.

Step 2: Compare the thousands. 38,465 and 38,439. 8 thousands ○ 8 thousands.

Step 3: Compare the hundreds. 38,465 and 38,439. 4 hundreds ○ 4 hundreds.

Step 4: Compare the tens. 38,465 and 38,439. 6 tens ○ 3 tens.

So, 38,465 > 38,439.

Communicate Clearly
Why do you start comparing digits on the left when comparing multi-digit numbers?

Try It
Write which place to use when comparing the numbers.


1. 2,423 and 2,324
2. 589,631 and 589,637
3. 15,728 and 16,728

Compare.

4. 5,049 ○ 5,082
5. 735,283 ○ 735,283
6. 43,694 ○ 3,694

7. 88,195 ○ 78,195
8. 6,480 ○ 6,508
9. 321,817 ○ 312,827

ETAP 1:
Pou jwenn aksè sou videyo, eskane Kòd QR ki anba liv Edisyon Elèv pitit ou a.



Model Real Life

Example: Which city's professional football stadium holds the least amount of people? the greatest amount of people?

Pro Football Stadium Capacities
Jacksonville
Miami
Tampa Bay

Order the capacities from least to greatest.

_____ stadium holds the least amount of people.
_____ stadium holds the greatest amount of people.

Try It

17. Who received the highest score? Did anyone beat the high score?

Proball Scores

252,080
1,759
2,955
2,118
1,552
501

18. Name two cities with populations greater than West Palm Beach. Name two cities with populations less than Pompano Beach.

GO DEEPER Which two cities have populations that are about equal? Explain your reasoning.


ETAP 2:

Ouvri kamera telefòn pòtab ou a oubyen yon aplikasyon pou eskane Kòd QR. Eskane Kòd QR ki anba paj la.



ETAP 3:

Chwazi **Build Understanding or Model Real Life (Devlope Konpreyansyon oubyen Modèl Lavi Reyèl)** pou w ka jwenn aksè sou videyo ki montre egzanp enstriksyon pitit ou ap resevwa nan klas li. Si w bezwen plis sipò oubyen èd pou amelyore ladrès matematik ou, itilize rès lyen ki rete yo.



4èm Ane

Below you'll find the resources that will be available for each page.

CHAPTER 1, SECTION 1.1

Page 3.1.1 Understand Place Value: Explore

Page 4. Example: Build Understanding

Page 4. Extra Example: Example Video Icon

Page 4. Click-Through Example: Build Understanding

Page 6. Example: Model Real Life



RESOUS PLAN MATEMATIK 'FLDOE' POU LAKAY

Yon plan matematik lakay yo oblije bay paran nenpòt elèv ki nan yon "Voluntary Prekindergarten (VPK)" (Pwogram Edikasyon Klas Matènèl Volontè) yon lekòl piblik ki montre yon defisyans sibstansyèl nan konpetans matematik bonè ak nenpòt elèv Jadendanfan-4èm ki te idantifye ak yon defisyans sibstansyèl nan matematik jan sa di nan [Rule 6A-6.0533, Florida Administrative Code \(F.A.C.\), Determining Substantial Math Deficiency](#).

Depatman Edikasyon Florid la te konpile resous chak distri dwe mete nan yon plan matematik lakay yo bay paran yon elèv yo idantifye kòm elèv ki gen yon anpil defisyans nan matematik. Yon plan lakay gen ladan enfòmasyon ak resous ki konekte ak domèn yo aksantye pou chak nivo ane eskolè. Resous sa yo disponib nan yon fòm elektwonik ki aksesib sou Entènèt, epi lekòl la dwe bay yon kopi sou papyè resous sa yo sou demann paran yo. Pou jwenn aksè dijital resous sa yo, klike sou chak lyen yo bay yo.

Dokiman sa a fèt pou itilize ansanm ak chak plan matematik lakay distri a bay jan Seksyon (s.) 1008.25(6), Lwa Florid (F.S.). [Section \(s.\) 1008.25\(6\), Florida Statutes \(F.S.\)](#).

PUNTOS DE REFERENCIA PARA UN PENSAMIENTO ESTUDIANTIL DE EXCELENCIA DE FLORIDA (*FLORIDA'S BENCHMARKS OF EXCELLENT STUDENT THINKING*)

Recursos del plan de Matemáticas en casa

Sipò Pou Angajman Paran Yo

"The Benchmarks for Excellent Student Thinking (B.E.S.T.)" (Referans Estandadize pou Ekselans nan Fason Elèv Reflechi) pou Matematik yo se baz referans fondamantal matematik pou elèv Florid yo, ki sèvi pou asire yo ofri yon edikasyon klas mondyal ki prepare elèv yo pou yon avni ki ap pèmèt yo pwospre ansanm ak opòtinite pou yo ale nan inivèsite, nan lame antre nan karyè pwofesyonèl. Angajman paran yo se yon pati enpòtan nan edikasyon yon elèv. Pou ankouraje yon anviwònman edikasyonèl kolaboratif e favorab, Depatman Edikasyon Florid mete sou pye yon seri mezi pou angaje paran elèv yo, ki gen ladan sa yo ki te idantifye kòm moun ki gen defisyanans nan matematik. Kòm yo rekonèt enpòtans angajman fanmi nan eksperyans edikasyonèl yon elèv, yo prepare divès Gid Pou Paran ki fèt pou bay fanmi yo enfòmasyon sou Estanda Matematik B.E.S.T. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite

<https://www.fldoe.org/academics/standards/subject-areas/math-science/mathematics/parent-resources.stml>.

Notificación a los padres de familia en casos de deficiencia matemática

Nenpòt elèv ki nan yon Pwogram Edikasyon "VPK" (pou Timoun Anbazaj), yon lekòl piblik ofri ki montre yon reta serye nan konpetans matematik, epi tout elèv nan jadendafan rive nan 4èm ane ki montre yon defisyanans serye nan matematik oswa karakteristik "dyscalculia" (difikilte pou konprann matematik) sou baz done depistaj, dyagnostik, kontwòl pwogrè ak evalyasyon done; evalyasyon Eta a; oswa obsèvasyon pwofesè yo dwe:

- Resevwa yon ansèyman matematik sistematik e dirèk atravè entèvansyon matematik chak jou an ti gwoup oswa entèvansyon matematik siplemantè chak jou, ki baze sou evidans, anvan oswa apre lekòl, oswa toude ak yon pwofesè matematik trè kalifye oswa yon edikatè antrene.
- Pèfòmans elèv yo dwe kontwole epi ajiste dapre bezwen elèv yo, jis rive moman elèv la demontre kapasite li nan nivo klas la nan yon fason distri va detèmine.

Paran yo ap resevwa imedyatman yon notifikasyon pa ekri ki di:

- Pitit li a (Fi ou Gason) idantifye ak yon gwo defisyanans nan matematik, ansanm ak yon deskripsyon defisyanans lan.
- Eksplikasyon sou nati egzak difikilte elèv la nan aprantisaj ak mank siksè nan matematik.
- Deskripsyon sèvis yo ofri.
- Deskripsyon entèvansyon entansif ak sipò yo pwopoze yo pral ofri pitit li a e ki prepare pou remède aspè idantifye nan defisyanans matematik la ak mizajou nan yon tan apwopriye.
- Estrateji atravè yon plan ke paran an ka itilize lakay pou ede pitit li oswa li reyisi nan matematik, ki gen ladann aksè a resous yo.

Chwa Lekòl (*School Choice*)

Eta Florid rekonèt wòl enpòtan edikasyon jwe nan lavi yon timoun ansanm ak dwa paran yo pou yo jwenn pi bon edikasyon pou pitit yo. Biwo Edikasyon Endepandan ak Chwa Paran sipòte bon kalite pwogram chwa edikasyon piblik ak prive. Nan kad pi laj sa a, paran yo ka navige nan yon chwa miltip nan domèn edikasyon, ki va pèmèt yon apwòch pèsonèl ki sou menm nivo ak bezwen aprantisaj espesyal pou pitit yo. Ladann nou jwenn aksè ak bousdetid, lekòl prive ak 'charter' yo, ki reflekte angajman Florid pou bay yon seri opòtinite edikatif ki kòrèk. Biwo Edikasyon Endepandan ak Chwa Paran se yon resous valab pou enfòmasyon sou opsyon edikasyon sa a. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite

<https://www.fldoe.org/schools/school-choice/>.

REFERANS ESTANDADIZE ETA FLORID POU EKSELANS NAN FASON ELEV REFLECHI (FLORIDA'S BENCHMARKS OF EXCELLENT STUDENT THINKING)

Resous Pou Plan Matematik Lakay

Divizyon Aprentisaj pou Timoun Anbazaj

Edikasyon Bonè-Bonè ka yon peryòd enpòtan nan karyè edikatif yon elèv. Nan patenarya avèk 30 kowalisyon aprantisaj bonè ak "Redlands Christian Migrant Association" (Asosyasyon Migran Kreyen Redlands), Divizyon Edikasyon pou Timoun Anbazaj ki sipèvize twa pwogram: Pare pou Lekòl, VPK, ak Resous e Referans Pou Swen Timoun. Pwogram sa yo jwe yon wòl kolektif nan fòm premye eksperyans edikasyonèl elèv yo, ki se yon fondasyon pou siksè akademik nan lavni. Paran yo ka jwenn resous ki pral ede yo chwazi founisè ki apwopriye pou pitit yo ak fanmi yo. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite sit <https://www.fldoe.org/schools/early-learning/parents/>.

Fanmi Militè Yo

Florid se 5^{em} pi gwo popilasyon pèsònèl nan sèvis aktif ki soti nan tout senk branch militè yo nan Lane Etazini. Yon timoun ki depann de yon manm aktif nan fòs lame a ka kalifye pou opòtinite edikasyon anba nenpòt branch nan Pwogram Bousdetid Pou Emansipasyon Fanmi (gade [s. 1002.394, F.S.](#)).

Fanmi yo ka resevwa asistans finansye pou leson patikilye ak aksè a lòt opsyon edikasyon, tankou transpò, lekòl prive oswa lòt sèvis ak materyèl aprantisaj pèsònalize pou elèv depi laj twazan. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite <https://www.fldoe.org/schools/school-choice/other-school-choice-options/military-families/>.

Idantifikasyon ak Evalyasyon yon Elèv Pou Edikasyon Elèv Eksepsyonèl (Exceptional Student Education)

Lè yon paran oswa yon moun k ap pran swen timoun konstate yon elèv ap pèfòme pi ba pase nivo klas li, li dwe sispèk elèv sa a ka gen yon andikap, konsa, li dwe konsidere enfòmasyon sa yo:

- Yon dyagnostik medikal sèlman pa sifi pou detèmine kalifikasyon elèv sa a pou edikasyon elèv eksepsyonèl. Gen enfòmasyon siplemantè yo ap konsidere lè y ap kolekte ak revize done espesifik yo (enfòmasyon).
- Dapre règleman federal yo, apre yo fin administre lòt mezi evalyasyon yo, Distri lekòl la ak yon gwoup pwofesyonèl kalifye ki gen ladann paran ak anplwaye lekòl la, ap detèmine si timoun nan satisfè kritè kalifikasyon pou li nan kategori andikape (Tit 34, s. 300.306, Kòd Règleman Federal).
- Si yon paran soumèt dokiman yon sikològ ki gen lisans oswa yon sikològ lekòl la ki gen lisans (Chap 490, Lwa Florid) ki demontre ke yon elèv te dyagnostike ak 'dyscalculia' e ki idantifye tout kote elèv la gen pwoblèm yo, lè sa a, baze sou evidans sa yo, yo dwe entèni apre yo fin resevwa dokiman sa a (gade [s. 1008.25\(6\), F.S.](#)).

"Bureau of Exceptional Education and Student Services" (Biwo Edikasyon Eksepsyonèl ak Sèvis Pou Elèv)

bay resous pou gide paran, pwofesè ak moun k ap bay swen atravè yon pwosesis idantifikasyon ak evalyasyon yon elèv yo sispèk ki ka gen yon andikap e ki ka bezwen edikasyon elèv eksepsyonèl ak sèvis nesè yo.

Karakteristik Nan Defisyan Aprantisaj Espesifik

Defisyan Aprantisaj Espesifik se yon tèm ki dekri yon kategori elijibilite Edikasyon Elèv Eksepsyonèl ki fè referans ak difikilte aprantisaj ki ka afekte kapasite yon elèv pou l li, ekri, tandè, pale, rezon epi aplike kapasite matematik debaz yo. Règleman 6A- 6.03018, F.A.C., Elijibilite Edikasyon Eksepsyonèl pou Elèv ki gen Defisyan Aprantisaj Espesifik, defini yon defisyan aprantisaj espesifik tankou "yon difikilte nan youn oswa plis nan pwosesis aprantisaj debaz pou konprann oswa itilize langaj, pale oswa ekri, ki ka manifeste nan difikilte ki afekte kapasite pou koute, pale, li, ekri, eple oswa fè kalkil matematik." 'Dyscalculia' fè pati ansanm "kondisyon asosye" sa yo pou defisyan aprantisaj espesifik.

REFERANS ESTANDADIZE ETA FLORID POU EKSELANS NAN FASON ELEV REFLECHI (FLORIDA'S BENCHMARKS OF EXCELLENT STUDENT THINKING)

Resous Pou Plan Matematik Lakay

'Dyscalculia' se yon defisyans aprantisaj espesifik nan matematik. Li afekte zòn nan sèvo ki jere kapasite ak konpreyansyon ki gen rapò ak chif. Pami prensipal karakteristik Dyscalculia ka genyen: sans chif yo, memorizasyon reyalite matematik yo, kalkil ak rezonman matematik. Pou detèmine si yon elèv montre siy dyscalculia, omwen youn nan karakteristik sa yo ta dwe pèsiste pandan omwen sis mwa malgre entèvansyon, epi kapasite yo ta dwe pi ba pase sa ki espere pou nivo klas la.

Klas Matènèl Ak Jadendanfan	Klas 1ye-4èm Ane
Bati yon fondasyon solid nan matematik mande anpil diferan kapasite. Timoun piti/elèv ki gen defisyans aprantisaj ka gen difikilte: ➤ Rekonèt chif epi matche chif ak kantite (pa egzanp, konekte chif 3 ak kantite objè sa yo ki devan yo). ➤ Triye objè yo dapre fòm, gwosè oswa koulè yo. ➤ Rekonèt gwoup ak modèl. ➤ Konpare ak etabli kontras lè yo itilize konsèp tankou pi piti/pi gwo oswa pi wo/pi kout. ➤ Òganize chif, tankou soti nan pi gwo ale nan pi piti oswa soti nan premye ale nan dènye. o del primero al último.	Pandan aprantisaj matematik kontinye atravè klas elemantè, elèv ki gen defisyans aprantisaj ka gen difikilte: ➤ Fè kalkil senp pa kè. ➤ Rezoud pwoblèm matematik debaz avèk adisyon, soustraksyon, multiplikasyon ak divizyon. ➤ Konprann kijan pou aplike konsepsans ak kapasite yo pou rezoud pwoblèm matematik yo. ➤ Rekonèt ak itilize liy chif yo. ➤ Aprann itilize lajan (pa egzanp, pyès monnen oswa biyè). ➤ Li lè nan yon revèy. ➤ Retni chif matematik debaz (pa egzanp, memorize tab multiplikasyon). ➤ Konprann valè plas chif yo, souvan mete chif nan move kolòn. ➤ Konprann mo nan pwoblèm oswa senbòl pi avanse (pa egzanp, > ki vle di "pi plis pase" oswa < ki vle di "mwens pase"). ➤ Òganize chif yo pa echèl (10, 100, 1,000) oswa plas desimal (0.1, 0.01, 0.001). ➤ Konprann sa ki ekri sou yon tablo oswa nan yon liv tèks akòz difikilte espas-vizyèl

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite <https://www.fldoe.org/academics/exceptional-student-edu/ese-eligibility/specific-learning-disabilities-sld/index.stml>.

Kont Pou BousDetid New Worlds

Kont Pou bousdetid New Worlds bay \$1.200 bousdetid pou elèv VPK-5 ki elijib:

- Montre yon defisyans enpòtan depi byen bonè nan ladrès pou li oswa konprann matematik,
- Montre yon defisyans enpòtan nan lekti oswa matematik,
- Montre karakteristik disleksi oswa dyscalculia, oswa
- Pran nòt pi ba pase nòt nivo 3 nan dènye evalyasyon nan Eta a pou Lekti ak Ekriti Debaz nan Anglè (ELA) oswa konpreyansyon matematik.

Pwogram nan ofri aksè pou paran/gadyen nan kont ekonomi edikasyon pou peye ekolaj ak frè ki gen rapò ak leson patikilye, pwogram lekti ak ekriti debaz oswa matematik nan sezon ete ak apre lekòl, ak materyèl ansèyman. Pitit ou a ka elijib pou yon Bousdetid nan New Worlds Scholarship Account. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite <https://www.fldoe.org/schools/school-choice/k-12-scholarship-programs/reading/>.

Elèv K Ap Aprann Lang Angle (English Language Learners)

Elèv ki ap Aprann Lang Angle (ELLs) gen yon varyete sipò ki disponib pou ogmante pèfòmans esansyèl yo nan matematik. Lè yo rekonèt sèl bezwen ELL, chak LEA (Administrasyon Edikasyon Lokal) prepare yon Plan Endividyèl pou Elèv k ap aprann Lang Anglè a, dokiman sa a sèvi kòm yon plan estanda estratejik ki dekri objektif yo vize yo ansanm ak resous valab pou ankouraje siksè akademik ELL yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou <https://www.fldoe.org/academics/eng-language-learners/index.stml>.

PUNTOS DE REFERENCIA PARA UN PENSAMIENTO ESTUDIANTIL DE EXCELENCIA DE FLORIDA (*FLORIDA'S BENCHMARKS OF EXCELLENT STUDENT THINKING*)

Recursos del plan de Matemáticas en casa

Apèsi Sou Divès Kalite Evalyasyon

Pandan elèv yo ap pwogrese depi jadendanfan, yo ta dwe ap devlope regilyèman kapasite ki nesèsè pou vin matematisyen nan nivo klas yo. Pandan elèv yo ap aprann matematik, edikatè ak paran yo ka sipèvize yo pou wè si yo sou bon chemen ki koresponn ak nivo klas yo. Eta Florid itilize diferan kalite evalyasyon pou kontwòl pwogrè elèv yo nan matematik.

EVALYASYON	OBJETIF
Tès Depistaj	Objektif tès depistaj la se pou idantifye pwobabilite risk oswa siksè nan akonplisman matematik. Edikatè yo ka itilize tès depistaj tou pou mezire efikasite enstriksyon Tier 1, oswa valè de baz yo, enstriksyon nan salklas la epi idantifye elèv ki bezwen plis entèvansyon ak sipò entansif (sipò Nivo 2 ak 3).
Kontwòl Pwogrè	Objektif kontwòl pwogrè a se detèmine si elèv yo ap aprann e konprann teknik yo te anseye yo pandan ane lekòl la. Kontwòl pwogrè ka fèt nan nivo Eta oswa nan nivo lokal. Kontwòl pwogrè ka rele tou evalyasyon entèmedyè.
Dyagnostik	Objektif yon evalyasyon dyagnostik se idantifye fòs ak feblès yon elèv yo idantifye kòm a risk nan yon kontwòl evalyasyon.
Evalyasyon Fòmatif	Objektif evalyasyon fòmatif yo se kontwòl aprantisaj elèv yo e pou sèvi ak done sa yo pou ede edikatè yo idantifye eta konesans ak kapasite yon elèv. Pi presizeman, edikatè yo ka itilize evalyasyon fòmatif la sou yon baz regilye pou kontwòl aprantisaj elèv yo epi ajiste enstriksyon y ap itilize a pou satisfè bezwen elèv yo an tan reyèl.
Somatif	Objektif evalyasyon somatif, oswa rezime evalyasyon yo, se pou evalye pèfòmans elèv yo dapre yon seri estanda ki an jeneral administre nan fen ane lekòl la.

Evalyasyon Matematik Nan Nivo Eta Florid

Tout elèv nan Florid patisipe nan sistèm evalyasyon ak responsablite eta a. Objektif prensipal evalyasyon sa yo se bay enfòmasyon sou aprantisaj elèv yo nan Florid, jan lalwa Florid egzije l. (gade [s. Lwa Florid 1008.22](#)).

- Sistèm Depistaj ak Kontwòl Pwogrè: Tout moun konnen sou non: 'Florida Assessment of Student Thinking (FAST)', Evalyasyon sa yo bay enfòmasyon sou metòd pou preparasyon estanda nivo klas Matènèl-8èm Ane epi bay paran yo enfòmasyon sou pwogrè elèv yo, pwofesè ak administratè lekòl ak pwogram yo. Evalyasyon 'FAST' yo fèt pandan twa epòk sa yo: Kontwòl Pwogrè (PM): kòmansman ane lekòl la (PM1), mitan ane lekòl la (PM2) ak fen ane lekòl la (PM3).
**Pou klas 3-8 FAST Matematik PM3: Dapre s. 1008.22(3)(a), F.S., PM3 ap konsidere nan tout Eta a kòm evalyasyon estandadize nan matematik epi li y ap itilize li kòm objektif responsablite.*
- “Florida Alternate Assessment (FAA)” (Evalyasyon Altènatif nan Florid): FAA mache avèk Pwen Daksè - Estanda Akonplisman Akademik Altènatif (AP-AAAS). AP-AAAS refilete kontni ki pi enpòtan nan estanda akonplisman akademik Eta Florid ki aplike pou tout elèv nan yon menm klas. Elèv ki nan sitiwayon andikap mantal epi ki satisfè kritè [Règleman 6A-1.0943, F.A.C.](#), [Evalyasyon Eta pou Elèv Andikape](#), ka patisipe nan FAA si ekip plan edikasyon endividyèl yo detèmine se opsyon evalyasyon ki pi apwopriye.

Pou plis enfòmasyon sou evalyasyon FAST, tanpri vizite fldoe.org/accountability/assessments/k-12-student-assessment/best/. Pou resous ki gen rapò ak evalyasyon FAST, vizite flfast.org/fast.html.